



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MIZAJOU DÒZ RAPÈ COVID-19 YO DISPONIB
KOUNYE A POU TIMOUN YO**

Timoun ki gen laj ant 5 ak 11 zan ki elijib pou resevwa dòz rapèl yo de mwa apre yo fin konplete premye seri yo oswa apre dènye dòz rapèl oswa dòz adisyonèl yo

Depatman Sante Eta a voye nouvo gid bay founisè yo pou timoun yo resevwa vaksen ki sible souch viris orijinal la; varyant omikwon yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke timoun ki gen laj 5 ane oswa plis ka kounye a resevwa vaksen dòz rapèl bivalan yo rekòmande pou ogmante pwoteksyon kont COVID-19. Depatman Sante (Department of Health, DOH) eta a te mete ajou konsèy li yo semèn sa a apre Administrasyon Manje ak Medikaman nan Etazini (U.S. Food and Drug Administration) te amande otorizasyon pou sèvi ak ijans li an ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te mete ajou direktiv klinik li yo, ki ansanm pral pèmèt plis timoun ranfòse iminite yo kont COVID-19 la.

"Lè nou kapab bay dòz rapèl bivalan yo bay yon pi gwo kantite timoun nan tout eta a li pral elaji pwoteksyon kont varyant omikwon yo, pandan n ap travay ansanm pou nou rete ajou ak vaksen sa yo ki san danje, ki efikas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki elijib yo pou yo pran dòz rapèl sa yo pou pwoteje tèt yo, fanmi yo, pitit yo ak kominote nou yo kont viris sa a pandan n ap antre nan mwa ki fè frèt yo."

Dapre otorizasyon FDA a ak rekòmandasyon itilizasyon CDC a, Depatman Sante Eta rekòmande Nouyòkè ki gen 5 ane oswa plis ke yo ta dwe resevwa dòz rapèl bivalan an omwen de mwa apre yo fin pran premye seri vaksen pa yo oswa apre dènye dòz rapèl oswa dòz vaksen adisyonèl pa yo. Timoun ki elijib ki gen laj 5 ane oswa plis ka resevwa dòz rapèl bivalan Pfizer-BioNTech epi sila yo ki gen 6 ane oswa plis kapab resevwa dòz rapèl bivalan Moderna. Viris yo souvan fè mitasyon alavni, kidonk syantis yo mete ajou konpozisyon yon vaksen ki kapab efikas jan sa posib pou pwoteje kont souch k ap sikile a.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Nouvo dòz rapèl bivalan an se premye dòz yo rann disponib pou sible

souvaryan omikwon k ap sikile yo kounye a, sa ki deja ofri pwoteksyon ki pi enpòtan pou timoun ak granmoun. Pran tout vaksen ou yo se pi bon fason pou anpeche maladi grav ak entène lopital. Paran ak gadyen yo, tanpri pran vaksen an ak fè pitit ou yo pran dòz rapèl yo pli vit depi yo kalifye."

Jan [CDC](#) note, nouvo dòz rapèl yo ajoute konpozan pwoteyin Omikwon BA.4 ak BA.5 nan vaksen an, sa ki ede retabli pwoteksyon ki te bese anvan epi sible dènye varyant ki pi transmisib epi ki kapab evite sistèm iminitè a. Yo prevwa vaksen yo diminye chans pou Nouyòkè yo trape yon maladi grav akòz COVID-19, ki gen ladan entène lopital oswa menm lanmò.

Nan peyi Etazini, yo rapòte plis pase [1 milyon](#) lanmò ki lye ak COVID-19. Prèske 75,000 Nouyòkè te mouri nan enfeksyon an depi kòmansman pandemi an nan ane 2020.

Anplis rekòmande rapèl bivalan pou tout moun ki elijib, Depatman Sante a kontinye ankouraje paran ak gadyen yo pou yo fè nenpòt nan pitit yo ki gen sis mwa ak plis fini seri vaksen prensipal yo pi vit jan sa posib. Resevwa premye dòz yo nesèsè pou w ka kalifye pou yon dòz rapèl de mwa pita.

Plis pase 1.1 milyon dòz rapèl bivalan deja aadministre bay moun ki gen 12 ane oswa plis nan Eta New York. Founisè ki te kòmande davans epi ki te resevwa dòz bivalan yo gen otorizasyon pou kòmanse administre vaksen pou Nouyòkè ki gen 5 ane oswa plis yo.

Dòz siplemantè yo gratis epi disponib nan tout eta a. Apwovizyonman an ap ogmante chak semèn pandan ke founisè vaksen yo kontinye ranpli lòd yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz, Nouyòkè yo ta dwe kontakte yon founisè swen sante, yon famasi lokal oswa yon depatman sante konte a.

Nouyòkè yo kapab vizite tou [vaccines.gov](#), voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn sit ki toupre yo. Nan [vaccines.gov](#), apre yo fin antre yon Kòd Postal 5 chif, Nouyòkè yo ka klike sou "Vaksen Mizajou" epi chwazi kalite rapèl bivalan selon laj y ap chèche pou pran yon randevou pou tèt yo oswa pou pitit yo.

Nouyòkè yo ka gade kanpay edikasyon piblik pou grip ak COVID-19 Depatman Sante Eta a an [Anglè isit la](#) ak [Espanyòl isit la](#).

Aprann plis sou dòz rapèl [COVID-19 yo](#).

###